



Pou Piblikasyon Imedya: 06/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 13.8 MILYON DOLA POU AVANSMAN RECHÈCH SYANS LAVI E AMELYORE SWEN SANTE TOUPATOU NAN NEW YORK**

*Finansman an Soutni Rechèch sou Kansè, Dyabèt, Epilepsi ak Doulè Kwonik*

*Li Fè Pati Angajman 620 Milyon Dola pou Fè New York Tounen yon Lidè nan Inovasyon Syans Lavi*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse y ap fè kado 13.8 milyon dola bay 26 enstitisyon akademik medikal toupatou nan eta a pou fòme doktè k ap fè rechèch nan kad Pwogram Envestigatè Rechèch Klinik Empire la (Empire Clinical Research Investigator Program, ECRIP). Finansman sa a sou dezan e l ap soutni pwojè rechèch nan domèn tankou kansè, dyabèt, epilepsi, ak jesyon doulè, nan kad jefò Gouvènè a ap fè san souf pou ankouraje kwasans gwoup syans lavi nan New York.

“New York se yon lidè nan domèn inovasyon medikal ak syantifik, e lè nou ede lopital toupatou nan eta a atire epi konsève pi bon chèchè syantifik, nou kore sant sante nou yo pou yo ofri pi bon swen ki genyen bay moun New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa yo pral souni fòmasyon enpòtan pou doktè ki vle avanse e amelyore sante gason, fanm ak timoun toupatou nan eta a, epitou sante jenerasyon demen yo nan New York.”

“Finansman ECRIP se youn nan fason Eta New York kenbe plas li nan domèn rechèch ak inovasyon biyomedikal depwent”, **Komisyonè Sante Dèt Howard Zucker te deklare.** “Finansman sa yo ap ankouraje pwochen jenerasyon doktè-chèchè vin pran fòmasyon nan lopital New York, sa k ap ogmante kapasite nou pou lite kont maladi e pwoteje sante moun New York.”

Travay ki akonpli grasa ECRIP fèt nan kad angajman Gouvènè a pran pou devlope yon gwoup rechèch sou syans lavi, jan yo te pwopoze nan Eta Eta a an 2017 (2017 State of the State). Inisyativ 620 milyon dola sa a gen ladan 100 milyon dola pou devlope Pwogram Travay Eksèlsyò la (Excelsior Jobs Program) e 100 milyon dola pou kredi sou taks pou rechèch ak devlopman syans lavi. Inisyativ sa a gen ladan tou 320 milyon dola sibvansyon kapital eta a pou kore devlopman vre laboratwa ak espas inovasyon, fonksyonman pou soutni yo, epi bay investisman kapital pou konpayi syans lavi nan estad prekòs, ki rasanble omwen 100 milyon dola nan finansman ekivalan ki sòti nan patenarya sektè prive a.

Yo desène finansman ECRIP la nan de kategori: bay sant e bay endividi. Sibvansyon sa yo pral ede fòme omwen 62 doktè-chèchè pandan de ane k ap vini yo.

Lajan yo bay sant yo se pou finance sant ospitalye inivèsitè pou fòme ekip rechèch ki konsantre sou yon sijè, maladi oswa kondisyon espesifik, epi amelyore kapasite lopital sa yo pou jwenn plis finansman nan men gouvènman federal la pou avanse travay yo. Dizwit enstitisyon pral resevwa prèske 700,000 dola sou dezan pou fòmasyon yon ekip ki gen ladan omwen twa bousye. Chak enstitisyon angaje omwen 200,000 dola pou finansman ekivalan dirèk pou pwojè li.

Wit enstitisyon pral resevwa Prim Endividyèl ki rive jiska 150,000 dola sou plis pase dezan. Sibvansyon sa yo pral pèmèt sant ospitalye inivèsitè amelyore kapasite rechèch yo e fòme chèchè nan divès domèn.

### **Resipyandè Finansman pou Sant yo se:**

#### **Mid-Hudson Valley**

- HealthAlliance of the Hudson Valley Hospital
- Westchester Medical Center

#### **Long Island**

- Long Island Jewish Medical Center
- North Shore University Hospital
- South Side Hospital

#### **New York Santral**

- SUNY Upstate Medical University

#### **Finger Lakes**

- University of Rochester Medical Center

#### **Vil New York**

- Lenox Hill Hospital
- Lincoln Medical and Mental Health Center
- Memorial Sloan-Kettering Cancer
- Metropolitan Hospital Center
- Montefiore Medical Center
- Mount Sinai Hospital
- New York Presbyterian – Columbia University Medical Center
- New York Presbyterian – Weill Cornell Medical Center
- NYU Langone Medical Center
- Richmond University Medical Center
- SUNY Downstate Medical Center

## **Resipyandè Finansman Endividyèl yo se:**

### **Mid-Hudson Valley**

- Montefiore/New Rochelle Hospital

### **Long Island**

- Glen Cove Hospital

### **Vil New York**

- Elmhurst Hospital Center
- Jacobi Medical Center
- Maimonides Medical Center
- Mount Sinai Beth Israel
- New York Eye and Ear Infirmary of Mount Sinai
- Staten Island University Hospital

Yo te devlope ECRIP nan lane 2000 sou rekòmandasyon Konsèy Eta New York sou Edikasyon Medikal Twazyèm Sikl (New York State Council on Graduate Medical Education), yon gwoup edikatè medikal ki bay Gouvènè a ak Komisyonè Lasante a konsèy sou zafè edikasyon ak fòmasyon medikal. Prim yo anonse jodi a fè kantite total finansman ECRIP la bay depi pwogram lan te kòmanse rive a 116 milyon dola.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Envestigatè Rechèch Klinik Empire la, vizite: [www.health.ny.gov/professionals/doctors/graduate\\_medical\\_education/ecrip](http://www.health.ny.gov/professionals/doctors/graduate_medical_education/ecrip)

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418